EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.1 | SJIF = 5.685 www.in-academy.uz



# MEKTEPLERDEGI PEDAGOG HÁM OQIWSHILAR ARASINDA KONFLIKTLERDIŃ PAYDA BOLIWI SEBEPLERI

**[1] Jahangir Alisherovich Muratbaev**
**[2] Malika Abatbekovna Jumamuratova**
[1.2] NMPI magistri
https://doi.org/10.5281/zenodo.7228212

**ARTICLE INFO**
Received: 03rd October 2022
Accepted: 10th October 2022
Online: 19th October 2022
**KEY WORDS**
*Mektep, pedagog, oqıwshı, konflikt, shańaraq*

**ABSTRACT**
*Biz bul maqalamızda mekteplerdegi pedagog hám oqıwshılardıń arasındaǵı bolıwı múmkin bolǵan konflikt hám onıń payda bolıw sebepleri, sonday-aq, bunday qarama-qarsılıqlardı boldırmawdıń tiykarların pedagogikalıq kóz qarasta úyreniwge háreket ettik. Sonıń menen birge oqıwshılarǵa shańaraq hám basqa ortalıqlardaǵı bolatuǵın qarama-qarsılıqlardıń sebeplerin túsindiriwdiń jańa pedagogikalıq usılları usınıs etildi.*

Mekteplerdegi hár qanday Pedagogikalıq konfliktler tińısh jol menen pedagogtıń basshılıǵında sheshiliwi hám konfliktlerdı boldırmawdıń aldıń alıw kerek boladı. Mekteplerde oqıwshılar arasında júz berip atırǵan konfliktler mazmun boyınsha hárqıylı bolıwı múmkin. Mekteplerde oqıtıwshılar oqıwshılar menen bolǵan qarım-qatnaslarda sóylesiw tártibin buzıp, nátiyjede kelispewshilik, bir-birin túsinbeslik situaciyalarınan konfliktler kelip shıǵadı. Mekteplerde oqıwshılar barqulla pedagoglar tekseriwinde boladı hám payda bolǵan konfliktler pedagoglar basshılıǵında óz sheshimin tabadı. Ayırım waqıtları konfliktler oqıtıwshılar arasında da boladı bul birin-biri túsinbew, biri ekinshisiniń psixikalıq jaǵdayın esapqa almastan qatnasta bolıwınan kelip shıǵıwı bolıp tabıladı.

Konfliktler ózleriniń ózgesheliklerine iye bolıp shańaraq aǵzaları arasında ushıraydı. Shańaraq aǵzaları arasındaǵı konfliktlerdiń kelip shıǵıwınıń hár qılı sebebleri bolıwı múmkin. Birinshi sebebi erli-zayıplar shańaraq qurıwǵa tayar bolmawı múmkin, olar bir-bireliniń jeke ózgesheliklerin esapqa almaǵan bolıwı múmkin. Shańaraqtaǵı payda bolǵan konfliktlerdiń bala tálim-tárbiyasına keri tásiri bar. Sonıń ushın ata-analar óz perzentleri arasında konfliktlerdi boldırmawǵa háreket qılıwları zárúr. Jigit, qızlar turmıs qurmastan aldıń bir-biriniń jeke psixikalıq ózgesheliklerin bilip ózlestirip bolıp turmıs qurǵanı maqul.

Ata-babalarımız «Úyleniw ańsat, úy bolıw qıyın» dep biykarǵa aytpaǵan. Ayırım jaǵdaylarda ata-analar menen balalar arasında da konfliktler bolıp qalıwı múmkin, bunday situaciyalarda ata-analar konfliktlerdi tińish jol menen sheshiwge háreket qılıwı kerek.

Konfliktlerdiń túrlerine, mazmunına qaray ayırıp onı sheshiw metodları, usilları, ámelleri de hár túrli boladı. Pedagogikalıq konfliktologiya iliminiń keleshegin ózlestiriw, biliw, hár bir bolajaq pedagog ushın ulken ahmiyetke iye. Pedagogikalıq

konfliktti sheshiwden onıń aldın alıw bir qansha ańsat boladı. Pedagogikalıq konflikttiń aldıń alıwdıń birden-bir jolı pedagoglar menen pedagoglar, pedagoglar menen tárbiyashılar arasındaǵı qarım-qatnaslardı jaqsılawdan, birin-biri túsinisip islewden ibarat. Balalar menen pedagogikalıq wazıypalar barısında qatnaslar jasawda olardıń psixik, jeke, ózgeshelikleri bolıp qatnas jasagan maqul boladı. Sońǵı waqıtlarda tárbiyashılar hám tárbiyalanıwshılar arasındaǵı qatnaslarǵa baylanıslı hár turli pikirler bolmaqta. Tiykarınan olar arasında qatnaslar qanday bolıw kerek Pedagog balalar menen hár túrli qatnaslarda bolıp, olar haqqında hár qanday maǵlıwmatlar aladı balanıń belgili bir nárseler haqqındaǵı túsinikleri, pikirleri, qızıgıwshılıqları, múmkinshilikleri menen tanısadı. Balalarıń tiykarǵı psixik ózgeshelikleri bolǵan temperamenti, xarakteri, uqıplıqları anıqlanadı. Balalardıń wazıypaların shólkemlestiriwde eń áhmiyetli ózgesheliklerden esaplanatuǵın jeke ózlestiriwde de ulken rol oynaydı (dıqqat, sezgi, oylaw, qıyal, este saqlaw, erk, sezim h.t.b).

Pedagog balalar menen qatnastıń qanday dárejede ámelge asırılıwı ushın onıń Pedagogikalıq sheberligine baylanıslı boladı. Ol sheber Pedagogikalıq uqıqlıqlardan hám Pedagogikalıq texnikalardan ibarat bolıp esaplanadı. Pedagogikalıq uqıplılıqlar tek ǵana balalar menen bolǵan qatnaslarda kerek bolıp qoymastan pedagogtıń pútkil Pedagogikalıq wazıypalarında da úlken rol oynaydı. Balalar menen islesiwde Pedagogikalıq shárayatlar tez-tez ózgerip turıwları múmkin, bunday shárayatta pedagogtıń tiykarǵı wazıypası usı shárayatqa tez baǵdarlanıwı, hár qanday pedagogikalıq shárayatqa durıs baha bere alıwı, zárúr bolǵan qarardı durıs qabıl ete alıwdan ibarat. Eger tárbiyashı balalardıń is háreketin durıs qabil etip, durıs bahalay alsa, ol jaǵdaylardıń júzege kelgen sebeplerin anıq kóre alsa hám oǵan qosımsha bunday hár turli shiyelenisken Pedagogikalıq hádiyselerde ózin uslap tuta biliwi, sabirlılıq, shıdamlılıq, shólkemleskenlik h.b. páziyletler pedagogikalıq qatnasıqlardıń jaqsi ámelge asırılıwında úlken áhmiyetke iye boladı.

Balalar menen qatnas jasawda olardıń jas ózgesheliklerin esapqa alıwdıń tarbiyalıq áhmiyeti júdá úlken. Mektep oqıwshılarınıń jas ózgesheliklerin esapqa alıp qatnas jasawda oqıtıwshınıń tutqan jolı ulıwmalastırılǵan formada tómendegishe táriyplew múmkin:

1. Baslawısh klasslarda oqıtıwshı shólkemlestiriwshi;
2. Óspirim jastaǵılarǵa basshı;
3. Úlken jastaǵı balalar menen islesiwde konsul'tant.

Balalar menen bolǵan qatnaslar tarbiyashınıń sheberligin kórsetedi. Bunday sheberlikke iye bolıwı ushın tárbiyashı sóylew mádeniyatına iye bolıwı tiyis. Sóz eń tiykarǵı qatnas qural bolıp esaplanadı. Balalar menen pikirlesiw, gúrrinlesiw, olarǵa ángimeler aytıp beriw, túsindiriw, másláhát beriw, jol-joba kórsetiw basqada hár turli qatnaslar tek sóz arqalı ámelge asırıladı. Balalar menen qanday jumıslar alıp barsaqta sózsiz qatnas jasaw múmkin emes.

Balalar menen qatnaslarda bolıwda olardıń dıqqatların sol gúrrińge yamasa túsindiriwge baǵdarlay alıwımız kerek. Onıń ushın dáslep dawıstı kóterip aytıp, kerek jerinde páseytip yamasa irkilip dawıs intonaciyaların ózgertip barıw kerek. Hár qanday aytılajaq pikirler balalarǵa tásirli, qızıqlı, túsinikli bolıwları tiyis. Balalar

menen bolǵan qatnaslarda qatnastıń tiykarǵı maqseti barqulla názerde bolıwı tiyis. (Bilim beriw, tárbiya beriwshilik yamasa sol alıp barılıp atırǵan tarbiyalıq maqsettegi jumıstıń tiykarǵı mánisi ámelge asırılatuǵın bolıwı tiyis). Ayırım pedagoglar balalarǵa qızıqlı etip sóylep beremen dep yamasa balalardıń dıqqatın awızeki aytılıp atırǵan pikirlerge baǵdarlaw maqsetinde shuǵıllanıp, al jumıstıń tiykarǵı maqsetin esten shıǵarıp qoyıwları múmkin. Hár qanday gúrrinlerdi alıp barıwda gúrrinlesiw tek balalarǵa ǵana qızıqlı bolıp qoymastan tárbıyashıǵa da qızıqlı bolıwı tiyis, tárbiyashımn ózide shin lqlasi menen berilip, qizigip alıp banwlan kerek. Balalar menen gurrinlesiw bansinda barqulla balalardm sezimlerin esapqa alıp banw kerek. Misali: bala menen jeke gurrinlesiwde bala qapa bolıp otirgan bolıwı múmkin, bunday jaǵdayda balam normal halatqa akelip bolıp keyin tiyisli bolǵan gurrinlesiwdi alıp barıw múmkin. Al, topar menen gurrinlesiwde ayinm waqitlan balalar shárshap otirgan, yamasa háreketli, yoshli oyinlar menen shugillaniwdi maqul kórip otirgan bolıwı múmkin (qullasi balalardm qanday sezimlerde ekenligin esapqa algan halda háreket etiwimiz kerek). Balalar menen pikirlesiwde, sóz arqali qatnaslar jasawda hár turli usillarda, hár turli jollarda alıp bargan maqul boladı. Olay islemey barqulla bir usılda alıp barila berse balalarda jaǵıwlar payda boladı.

Ayırım waqıtları balalarga hár qanday tapsirmalar beriliwi múmkin, bunday tapsirmalar olarga buyrıq tárizli bolmay otinish túrinde bolgan maqul boladı. Ótinishińde «Ótinemen», «Iltimas», «Marhámat» formalarında emes albette, al, «Marat sen bilay islesen qalay boladı », «Aman senińshe qalay islegen maqul dep oylaysan» taǵı basqa túrlerdegi otinishlerdi qollana beriw múmkin.

Balalar menen bolǵan qatnaslarda ayırım waqitlan balalar ashiwli qatnaslarda bolıwı múmkin.Bunday waqitlan pedagog ashiwlanbastan alpayimlılıq penen qatnas jasawı kerek, sonda balanıń ashıwı tez tarqaydi, al balanıń ashıwlanıwı menen tárbiyashıda ashıwlansa onda olar arasında jánjeller bolıwı múmkin, bul olar arasındaǵı qatnaslardı buzadı.

Pedagog balalar menen bolǵan qatnaslarda barqulla olardıń pikirlerin tıńlap, jumıs babında esapqa alıp barńwları tiyis. Hár qanday is olardıń pikirleri boyınsha alıp barılsa, pikirleri maqullanıp, xoshametlenip barılsa, olarda ózlerine isenimler payda etedi, isenimli háreket etedi, pedagogqa qálegen waqıtta óz pikirlerin aytadı, hám eń jaqın dosti esaplaydı. Pedagogikaliq konfliktlerdiń aldın alıwdıń birden bir jolı usı joqarıda sóz etilgen pedagog hám oqıwshılar jámáátiniń bir-birin túsinip islewi bolıp esaplanadı.Jámiyetimizdiń barlıq tarawları sıyaqlı bilimlendiriw sistemasındaǵı talaplardı jıldan jılǵa kúsheyip, olarǵa degen juwapkershilikler artıp barmaqta. Tálim-tárbiya payıtında sonday-aq shańaraq turmısında hár qanday kelispewshiliklerdi, qarama-qarsılıqlar, túsinbewshilikler júz beredi, olardı sheshiw, hár qanday konfliktli situaciyalardıń aldın alıw mashqalaları menen Pedagogikalıq konfliktologiya ilimi shuǵıllanadı. Pedagogikaliq processlerdiń payda bolǵan konfliktlerdi sheshe biliwimiz, onday konfliktli jaǵdaylardıń aldın ala biliwimiz tiyis, ásirese bul pedagoglar ushın oǵada zárur bolıp esaplanadı. Pedagogikalıq processlerde hár turli konfliktli jaǵdaylar ushırasıwı múmkin. Olar oqıtıwshı hám oqıwshı, oqıtıwshılar hám oqıtıwshılar, oqıwshılar

menen oqıwshılar arasındağı konfliktler bolıp esaplanadı.

Mekteplerdegi hár qanday Pedagogikalıq konfliktler paraxatshılıq jol menen pedagogtıń basshılığında sheshiliwi hám ol konfliktlerdi boldırmawdıń aldı alınıwı tiyis boladı. Mekteplerde oqıwshılar arasında júz beretuğın konfliktler mazmunı boyınsha hár túrli bolıwı tábiyiy nárse. Mekteplerde oqıwshılar menen bolğan qatnaslarında qarım-qatnas tártibin buzıp qatnaslar jasawı múmkin, nátiyjede eregis, kelispewshilik, bir-birin túsinbewshilik jağdaylarınan shiyelenisken konfliktler kelip shığadı. Mekteplerde oqıwshılar jámááti barqulla pedagoglar qadağalawında boladı hám payda bolğan konfliktler pedagoglar basshılığında sheshiledi. Ayırım jağdaylarda konfliktler oqıtıwshılar arasında da ushırasadı, bul bir-birin túsinispew, biri ekinshisiniń psixikalıq jağdayların esapqa almay qatnas jasawdan kelip shığıwı mzamlı nárse bolıp esaplanadı. Ayırım jağdaylarda ata-analar menen balalar arasında da konfliktler bolıp qalıwı múmkin, bunday jağdaylarda ata-analar konfliktlerdi tınısh jol menen, mámileshilik penen sheshiwge háreket etiwleri tiyis boladı. Joqarıdağı aytılğan hám basqa da ushırasatuğın konfliktlerdi izertleytugın ilim pedagogikahq konfliktologiya ilimi bolıp esaplanadı. Ilim bir qansha jas ilim bolsa da tez pát penen rawajlanbaqta. Sebebi Pedagogikalıq processte ushırasatuğın konflikttiń túrleri oğada kóp. Konfliktlerdıń túrlerine, mazmunına qaray ayırıp onı sheshiw metodları, usılları, ámelleri de hár qıylı boladı. Pedagogikalıq konfliktologiya iliminiń jetiskenliklerin ózlestiriw, biliw hár bir bolajaq pedagog ushın oğada zárur. Pedagog balalar menen, hár turli qatnaslarda bolıp, olar haqqında hár qanday mağlıwmatlar aladı. Balanıń belgili bir nárseler tuwralı túsinikleri, pikirleri, qızığıwshılıqları, múmkinshilikleri menen tanısadı. Balalardıń tiykargı psixikalıq ózgeshelikleri bolğan temperamenti, xarakteri, uqıplılıqları anıqlanadı. Balalardıń xizmetlerin shólkemlestiriwde eń ahmiyetli ózgesheliklerinen esaplanatuğın jeke ózgesheliklerin ózlestiriwde de úlken rol oynaydı.

## References:

1. Mirziyoev Sh.M. Erkin va farovon, demokratik O'zbekiston davlatińi birgalikda barpo etamiz. «O'zbekiston» T, 2016.
2. Ibragimov X.I va boshqalar. Pedagogika. T, «fan» 2007.
3. Joraev R.Orzular ruyobi (kadrlar tayyorlash milliy dasturi: Birinchi bosqich haqida uylar). T, «Oqituvchi», 2001.
4. Mavlenova R hám t.b. Pedagogika. -T, «Oqituvchi», 2001.

**Elektron resurslar:**

5. www. tdpu.uz
6. www. pedagog.uz
7. www. Ziyonet.uz
8. www. edu.uz